

Age Strong ap fè sondaj sa a pou aprann plis sou bezwen ak priyorite granmoun aje Boston yo. Sondaj sa a pral enfòme Plan Age Strong lan ki gen pou objektif pou fè Boston enklizif ak aksesib pou moun tout laj. Se yon okazyon valab pou w fè yo tandè vwa w! Repons ou yo pral ede bay fòm nan travay Age Strong ak desizyon finansman nan ane kap vini yo, ede kreye yon Boston kote nou tout ka vyeyi. **Repons ou yo ap rete konfidansyèl epi yo pa pral pataje yo avèk lòt enstitisyon andeyò Age Strong ak Biwo Egzekitif Zafè Granmoun Aje yo.**

1. Bezwen: *Tanpri revize lis ki anba a epi chwazi bezwen ki pi enpòtan ou genyen ki gen rapò ak vyeyisman. Egzanp yo ki parèt nan chak kategori yo pa gen ladan tout egzanp posib yo, kidonk ou ka chwazi yon kategori menm si ou pa wè bezwen espesifik ou an nan lis la.*

Chwazi tout bezwen ki enpòtan pou ou yo:

- Aksè nan Sèvis:** jwenn èd ak benefis Manje/SNAP ak sèvis finansye, epi aplike pou asirans sante.
- Swen Sante Abòdab:** aksè a sèvis sante abòdab, asirans, jesyon depans sou preskripsyon.
- Aksè nan Swen Sante:** jwenn yon doktè, jwenn aksè nan sèvis sante, ale nan klas prevansyon tonbe, eksplore opsyon medikaman altènatif, ak resevwa vizit medikal adomisil.
- Lojman Abòdab:** jwenn lojman abòdab, antre sou lis datant pou apatman yo sibvansyone, epi jwenn asistans lokasyon.
- Aksesibilite ak Antretyen Lojman:** jwenn lojman aksesib, ak asistans ak reparasyon ak antretyen pwopriyete.
- Sipò nan Kay pou Kenbe Endepandans:** èd ak vyeyisman sou plas, asistans ak aktivite nan lavi chak jou (tankou benyen, twalèt, abiye, manje, mache, netwayaj), antretyen kay ak pwopriyete (retire nèj, swen pou gazon, retire fèy), modifikasyon lojman, travay jeneral, pwoblèm ekilib ak mobilite, epi jwenn aparèy ki nesèsè yo.
- Sèvis ak Sipò Alontèm:** aksè ak sèvis swen adomisil, pi bon pèsònèl nan enstalasyon swen alontèm, ak ogmantasyon jesyon ka.
- Asistans pou Jesyon Lòt Depans:** asistans ak depans ki pa gen rapò ak lojman epi swen sante, tankou taks, sèvis piblik, ak manje.
- Sèvis Jiridik:** jwenn konsèy jiridik pou adrese enkyetid sou revni ak benefis piblik, swen sante, swen alontèm, nitrisyon, lojman, sèvis piblik, sèvis pwoteksyon, abi, neglijan, diskriminasyon vyeyès, ak defans gadyen legal.
- Sipò Sante Mantal ak Konpòtman:** jwenn klas sante mantal ak edikasyon, konsèy, èd pou depresyon, enkyetid, ak estrès, adrese abi alkòl ak dwòg.
- Sipò pou Nitrisyon:** aksè a manje sen, èd nan preparasyon manje, asistans livrezon, ak adrese ensekirite alimantè.
- Sekirite ak Pwoteksyon:** modifikasyon kay pou ekilib ak prevansyon tonbe, fè fas ak abi, eksplwatasyon, move tretman, sekirite piblik, ak sekirite kominotè.
- Aksè ak Disponibilite Transpò:** jwenn woulib pou randevou oswa aktivite sosyal, plis opòtinite otobis/ko-vwatiraj, èd ak transpò piblik, ak transpò pandan wikenn.
- Devlopman Mendèv:** jwenn travay, opòtinite travay fleksib, opòtinite reyadaptasyon, ak travay ki peye byen.

- Sipò pou Moun K ap Bay Swen:** jwenn pwogram ki peye moun k ap bay swen fanmi, gwoup sipò, sipò pou moun ki soufri demans, pwogram edikasyon, swen repo, gadri lajounen ak pwogram sante pou granmoun, ak enfòmasyon pou granparan k ap elve pitit pitit.
- Asistans Kont Izolasyon Sosyal:** jwenn konpayi, jwenn aksè nan teknoloji abòdab, pwogram telefòn/entènèt, koneksyon regilye, ak sipò fòmèl ak enfòmèl.
- Opòtinite pou Lwazi, Rekreyasyon, ak Sosyalizasyon:** jwenn ak patisipe nan aktivite sosyal, enfòmasyon sou pwogram yo, tarif redui nan sit/mize, ak espas deyò pou granmoun aje yo.
- Angajman Sivik / Opòtinite Volontè:** jwenn opòtinite volontè, patisipasyon kominote granmoun aje yo, ak patisipe nan aktivite katye yo.
- Opòtinite Aprantisaj ak Devlopman:** jwenn pwogram edikatif, aprann nouvo konpetans (tankou sèvi avèk Imèl, entènèt, aplikasyon, elatriye), ak fòmasyon teknoloji dijital.
- Rete Aktif / Pwomosyon Byennèt:** jwenn klas sou vyeyisman an sante, enfòmasyon sou byennèt fizik, pwogram mizanfòm, klas egzèsis pou granmoun aje yo, ak sipò pou moun k ap bay swen yo.
- Adrese Diskriminasyon sou Laj:** anpeche estereyotip negatif, prejije, ak diskriminasyon ki baze sou laj.
- Simonte Obstak Lang / Kominikasyon:** jwenn sèvis entèpretasyon/tradiksyon, jwenn enfòmasyon sou sèvis ak resous nan diferan lang, ak enskri nan klas ESL.
- Sipò LGBTQIA+:** jwenn founisè ki konprann Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Omoseksyèl/Ap Poze Kesyon, Entèseksyèl, Aseksyèl/Alye, ak lòt pwoblèm idantite, entegre nan kominote a, epi resevwa sipò pou fè fas ak patipri.
- Sipò Espirityalite:** jwenn aktivite ki baze sou lafwa, devlope opòtinite pou kwasans espirityèl, ak adrese sèvis ki manke an pèsòn.
- Lòt** (Tanpri presize): _____

2. Klasman Bezwen yo: *Tanpri klase 3 pi gwo bezwen ou chwazi nan lis ki anvan an, ki baze sou enpòtans yo pou ou.*

Pou klase bezwen yo, retounen nan lis Kesyon 1 ou fèk ranpli a epi ekri yon '1' akote bezwen ki pi enpòtan pou ou a, yon '2' akote dezyèm bezwen ki pi enpòtan an, ak yon '3' akote twazyèm bezwen ki pi enpòtan an.

3. Nan ki katye Boston w ap viv?

- | | | | | |
|---|---|--|---------------------------------------|---------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Allston | <input type="checkbox"/> Brighton | <input type="checkbox"/> Back Bay | <input type="checkbox"/> Beacon Hill | <input type="checkbox"/> Charlestown |
| <input type="checkbox"/> Chinatown/
Leather District | <input type="checkbox"/> Dorchester (Nò
Park Street) | <input type="checkbox"/> Dorchester (Sid
Park Street) | <input type="checkbox"/> Downtown | <input type="checkbox"/> East Boston |
| <input type="checkbox"/> Fenway | <input type="checkbox"/> Hyde Park | <input type="checkbox"/> Jamaica Plain | <input type="checkbox"/> Mattapan | <input type="checkbox"/> Mission Hill |
| <input type="checkbox"/> North End | <input type="checkbox"/> Roslindale | <input type="checkbox"/> Roxbury | <input type="checkbox"/> South Boston | <input type="checkbox"/> South End |
| <input type="checkbox"/> West End | <input type="checkbox"/> West Roxbury | <input type="checkbox"/> Lòt _____ | | |

4. Depi konbyen tan w ap viv nan Boston?

- | | | | | | | |
|--|-----------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|----------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Mwens
pase 5 ane | <input type="checkbox"/> 5-14 ane | <input type="checkbox"/> 15-24
ane | <input type="checkbox"/> 25-34
ane | <input type="checkbox"/> 35-44
ane | <input type="checkbox"/> 45-54
ane | <input type="checkbox"/> 55+ ane |
|--|-----------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|----------------------------------|

5. Ki enpòtans li genyen pou ou rete ap viv nan katye kote w ap viv kounye a pandan w ap vin pi granmoun? (*Tcheke sèlman youn*)

- Enpòtan anpil Yon ti jan enpòtan Yon ti kras enpòtan Pa enpòtan ditou

6. Èske w ap travay pou yon salè? Wi, a plen tan Wi, a tan pasyèl W ap chache travay Retrete

7. Si w ap chèche travay, ki obstak ou rankontre? (*Chwazi tout sa ki aplikab yo*)

- Konfli orè Transpò Diskriminasyon laj Bezwen konpetans anplis Andikap
- Laperèz pou pèdi benefis Responsablite pou bay swen (swen pou granmoun aje, swen konjwen, swen pou yon depandan) Mwen p ap chache travay Lòt _____

8. Tanpri evalye nivo w dakò ak deklarasyon ki vini annapre a: “Mwen gen resous apwopriye pou satisfè bezwen finansye mwen yo, ki gen ladan antretyen kay, swen sante pèsònèl, ak lòt depans.”

- Totalman Dakò Dakò Pa Dakò Pa Dakò Ditou

9. Èske te gen nenpòt lè pandan 12 mwa ki sot pase yo kote ou pa t gen lajan pou bezwen sa yo? (*Chwazi tout sa ki aplikab yo*)

- Manje Lojman (lwaye/ipotèk) Transpò Chalè Elektrisite Preskripsyon
- Bezwen medikal Dèt Gadri Bay swen (swen pou granmoun aje, swen konjwen, swen pou yon depandan)
- Reparasyon kay Kab/Entènèt Okenn nan sa ki anvan yo Lòt _____

10. Èske w lwe oswa posede kay ou a?

- Oumenm oswa yon moun nan kay ou se mèt li ak yon ipotèk oswa prè Oumenm oswa yon moun nan kay ou a genyen l san yon ipotèk oswa prè
- Oumenm oswa yon moun nan kay ou lwe li Lòt _____

11. Ak ki moun w ap viv? (*Chwazi tout sa ki aplikab yo*)

- M ap viv poukont mwen Pitit adilt mwen an (yo) (ki gen 18 an oswa plis) Yon konjwen/patnè Pitit pitit mwen an (yo)
- Yon lòt manm fanmi(yo) Pitit mwen an (yo) (ki poko gen laj 18 an) Zannimo Konpayi Yon lòt moun (kolokatè, zanmi, yon moun ki pa fanmi w)

12. Nan pwochen 5 ane k ap viniyo, si ou te bezwen soti nan kay ou ye kounye a, ki kalite lojman ou ta prefere nan Boston? (*Chwazi tout sa ki aplikab yo*)

- Kay pi piti pou yon sèl fanmi Apatman akseswa (ajou sou yon kay ki deja egziste) Apatman, kondominyòm oswa kay an ranje kominote retrèt pou 55+ ane
- Kominote lavi asiste Lojman sibvansyone (ak yon bon oswa sibvansyon) Lòt _____

13. Si ou ta dwe kite rezidans aktyèl ou a, ki rezon ki te ka fè sa?? (*Chwazi tout sa ki aplikab yo*)

- Gwosè kay la (vle plis oswa mwens espas) Depans lojman (lwaye/ipotèk, reparasyon kay, taks sou pwopriyete) Vle viv nan yon zòn diferan ak ekipman diferan Vin pi pre zanmi/fanmi
- Bezwen yon kay ki sipòte lavi endepandan ofiramezi w ap pran laj (egzanp. yon kay san eskalye) Pa gen plan pou demenaje Lòt _____

14. Èske w byen loje?

- Lojman Apwopriye (ase espas) Lojman twò gwo (twòp espas)
 Lojman twò piti (pa gen ase espas, rete ak zanmi/fanmi)

15. Konbyen fwa ou santi w riske pèdi lojman w (egzanp, pa kapab peye bòdwo yo, degèpisman, oswa chanjman pwopriyetè kote w rete a)?

- Jamè Nètale Yon fwa pa mwa Nan sis mwa ki sot pase yo Pandan ane ki sot pase a Mwen santi mwen riske pèdi lojman mwen pi devan

***Si w riske pèdi lojman w epi w bezwen èd, tanpri rele Age Strong nan 617-635-4366, epi yon moun nan ekip lojman an ap asiste w. Pou èd andeyò lè ou vrab, tanpri rele 3-1-1.**

16. Tanpri evalye nivo w dakò ak deklarasyon ki vini annapre a: "Mwen santi mwen nan plas mwen nan katye kote m ap viv la."

- Totalman Dakò Dakò Pa Dakò Pa Dakò Ditou

17. Si te gen yon ijans jodi a, èske w konnen yon vwazen oswa manm kominote ki t ap voye je sou ou ak sou fwaye w?

- Wi Non Pa Konnen

18. Èske lang te yon baryè pou jwenn aksè ak sèvis nan Boston?

- Wi Non

19. Ki jan ou te jwenn enfòmasyon sou sa k ap pase nan katye w la? (Chwazi tout sa ki aplikab yo)

- Jounal Tele Radyo Vwazen Zanmi/Fanmi Òganizasyon Legliz/Lafwa
 Òganizasyon kominotè Afich/Feyè Entènèt/Rezo sosyo Lòt _____

20. Tanpri evalye nivo w dakò ak deklarasyon ki vini annapre yo: "Mwen santi mwen konnen ki kote pou m jwenn enfòmasyon sou sèvis, resous ak aktivite pou satisfè bezwen mwen yo."

- Totalman Dakò Dakò Pa Dakò Pa Dakò Ditou

21. Kiyès nan sa ki annapre yo ki aplike pou ou kounye a? (Chwazi tout sa ki aplikab yo):

- Fè eksperyans ak pwoblèm abi, neglijan, oswa eksplwatasyon
 Viv ak Alzheimer oswa demans
 Fè eksperyans memwa oswa pwoblèm reflechi
 Bezwen aksè a aktivite kiltirèl oswa sosyal (tankou evènman kiltirèl, sèvis relijye, gwoup sosyal)
 Viv ak pwoblèm vizyon
 Viv ak pwoblèm tandè
 Viv ak andikap fizik (ki gen ladan andikap mobilite ak pwoblèm sante fizik kwonik)
 Gen yon sante frajil oswa fèb
 Bezwen sipò antanke moun k ap bay swen
 Se yon gran paran k ap leve yon pitit pitit
 Gen enkyetid lojman (tankou pwoblèm pou peye lwaye, kondisyon lavi ki pa an sekirite)
 Souvan santi w poukont ou oswa izole (tankou entèraksyon sosyal limite, mank konpayi)

- Bezwen sèvis jiridik (tankou èd ak pwoblèm lojman, benefis gouvènman an, pwokirasyon, ak konsèy jiridik)
- Fè pati kominote LGBTQIA+ la
- Gen pwoblèm sante mantal oswa emosyonèl (tankou enkyetid, depresyon, estrès)
- Bezwen èd ak manje oswa nitrasyon (tankou difikilte pou kwit manje, bezwen pou livrezon manje)
- Gen bezwen travay oswa bezwen ki gen rapò ak travay (tankou asistans rechèch travay, akomodasyon nan espas travay)
- Lòt (Tanpri presize): _____

Enfòmasyon Demografik

22. Ki laj ou? (ekri): _____

23. Idantite sèks mwen se...

- Fanm Gason Ki pa binè, omoseksyèl, sèks ki pa konfòm Mwen pa konnen Prefere pa reponn Lòt _____

24. Idantite etnik/rasyal mwen se... (*Chwazi tout sa ki aplikab yo. Remake byen, ou ka rapòte plis pase yon gwoup.*)

- Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska Azyatik Nwa oswa Afriken Ameriken Panyòl oswa Latino Mwayen Oryan oswa Afriken Dinò
- Natif natal Awayi oswa moun ki abite nan Zile Pasifik Blan Prefere pa reponn Lòt _____

25. Èske w pale yon lang ki pa anglè lakay ou? Wi Non

26. Si wi ki lòt lang ou pale? _____

27. Nan ki nivo ou pale anglè? Trè byen Byen Pa byen Pa ditou

28. Èske revni anyèl total fwaye ou mwens pase \$ 20,000? (Ochwa)

- Wi Non Prefere pa reponn

29. Èske w se yon manm MassHealth kounye a?

- Wi Non Mwen pa konnen

Tanpri itilize espas sa a pou ba nou nenpòt lòt enfòmasyon ou ta renmen pataje:

Ou vle enskri nan lis imèl Age Strong nan? _____

Adrès imèl _____ Kòd postal _____

**Tout enfòmasyon sou sondaj sa a konfidansyèl. Si ou chwazi enskri nan lis imèl nou an, adrès imèl ou, non, ak nenpòt lòt enfòmasyon idantifikasyon pa pral asosye ak repons ou yo nan sondaj sa a. **

Retounen pa lapòs: Attn: Ava Portela
 Age Strong Commission
 City of Boston
 1 City Hall Square, Room 271
 Boston, MA 02201